



Dwa ak pwoteksyon ou genyen kont fakti medikal sipriz

Lè w resevwa swen nan yon kadijans oswa ou resevwa tretman nan men yon founisè ki pa nan rezo w la nan yon lopital oswa sant chirijikal ki nan rezo w la, ou gen pwoteksyon kont faktirasyon sipriz oswa faktirasyon balans.

Ki sa “faktirasyon balans” ye (pafwa yo rele sa “faktirasyon sipriz”)?

Lè w konsilte yon doktè oswa lòt founisè swen medikal, ou ka dwe kèk depans ou dwe peye ak lajan pa w, tankou kopeman, ko-asirans, epi/oswa yon franchiz. Ou ka gen lòt depans oswa ou ka gen pou peye tout fakti a si w konsilte yon founisè oswa ou vizite yon etablisman swen medikal ki pa nan rezo plan asirans ou an.

“Andeyò rezo” (*Out-of-Network*) dekri founisè ak etablisman ki pa t siyen yon kontra avèk plan asirans ou an. Yo ka pèmèt founisè yo ki andeyò rezo a chaje w pou diferans ant sa plan w lan te dakò pou peye ak montan konplè yo chaje pou yon sèvis. Yo rele sa “**faktirasyon balans**.” Montan sa a gen anpil chans pou l plis pase sa ou ta peye nan rezo a pou menm sèvis la epi montan sa a ka pa konte nan limit lajan pa w ou dwe depanse.

“Faktirasyon sipriz” se yon fakti balans ou pa t atann pou peye. Sa ka rive lè w paka kontwole kiyès ki enplike nan swen w ap resevwa—tankou lè w gen yon kadijans oswa lè w pwograme yon vizit nan yon etablisman ki nan rezo a men sanzatan se yon founisè ki pa nan rezo a ki ba w tretman.

Ou gen pwoteksyon kont faktirasyon balans pou:

Sèvis nan kadijans

Si w genyen yon pwoblèm medikal nan kadijans epi w resevwa sèvis ijan nan men yon founisè oswa etablisman ki andeyò rezo a, plis yon founisè oswa etablisman an ka chaje w se montan pataj-frè nan rezo plan w lan (tankou kopeman ak ko-asirans). Yo **paka** fè w peye fakti balans pou sèvis ijan sa yo. Sa enkli sèvis ou ka resevwa aprè ou vin nan yon kondisyon ki stab, amwenske ou bay konsantman alekri epi ou abandone pwoteksyon ou genyen pou yo pa fè w peye fakti balans pou sèvis aprè estabilizasyon sa yo.

Lwa Florid sou faktirasyon balans entèdi yon founisè ki andeyò rezo a pou fè manm yon òganizasyon pou mentyen sante (HMO), òganizasyon founisè prefere (PPO) oswa yon òganizasyon founisè esklizif (EPO) peye faktirasyon balans pou sèvis ijan ki kouvri. Lalwa etabli yon pwosesis pèman pou konpayi asirans yo ofri ranbousman pou sèvis andeyò rezo sa yo. Founisè andeyò rezo a, kapab, men san l pa vyole lwa sou faktirasyon balans lan, chaje epi kolekte nan men manm yon HMO, PPO oswa EPO, tout kopeman, ko-asirans, franchiz oswa chaj pou sèvis ki pa kouvri ki aplikab yo. Anplis de sa, si yon pasyan resevwa sèvis medikal ki kouvri sa se pa yon kadijans nan men yon founisè swen medikal ki andeyò rezo a men ki ofri sèvis medikal nan yon etablisman ki nan rezo a, pasyan an pa responsab pou pèman frè pou founisè ki andeyò rezo a, apade kopeman, ko-asirans, franchiz ak chaj pou sèvis ki pa kouvri ki aplikab yo, depi pasyan an pa t genyen kapasite ak opòtinite pou l chwazi yon founisè ki nan rezo a nan etablisman ki nan rezo a.

Kèk sèvis nan yon lopital oswa yon sant chirijikal anbilatwa nan rezo a

Lè w resevwa sèvis nan yon lopital oswa sant chirijikal anbilatwa ki nan rezo a, kèk founisè ki nan etablisman sa yo ka pa nan rezo a. Nan ka sa yo, plis founisè sa yo ka chaje w se montan



pataj-frè nan rezo plan w lan. Sa aplikab a medsin ijan, anestezi, patoloji, radyoloji, laboratwa, neyonatoloji, asistan chirijyen, ospitalis, oswa sèvis entansif. Founisè sa yo **paka** voye fakti balans ba w epi yo **paka** mande w pou abandone pwoteksyon ou genyen pou yo pa voye fakti balans ba w.

Si w resevwa lòt sèvis nan etablisman ki nan rezo sa yo, founisè yo ki andeyò rezo a **paka** voye fakti balans ba w, amwenske ou bay konsantman alekri epi ou abandone pwoteksyon w yo.

Ou pa janm oblije abandone pwoteksyon ou genyen kont faktirasyon balans. Epitou ou pa oblije resevwa swen andeyò rezo a. Ou ka chwazi yon founisè oswa yon etablisman ki nan rezo plan w lan.

Lwa Florid nan kesyon faktirasyon balans mande pou lopital yo, sant chirijikal anbilatwa yo, lopital espesyalize yo, ak swen ijan yo pou yo respekte dispozisyon pou faktirasyon balans yo kòm yon kondisyon pou yo kenbe lisans yo. Si yo fè espere yo pa respekte dispozisyon pou faktirasyon balans yo sa ka rann yon founisè sijè a penalite administratif.

[Lè yo pa pèmèt faktirasyon balans, ou gen pwoteksyon ki pral site la yo tou:](#)

- Ou responsab pou peye pòsyon pa w nan depans yo (tankou kopeman, ko-asirans, ak franchiz ou ta gen pou peye si founisè a oswa etablisman an te nan rezo a). Plan asirans ou an pral peye founisè ak etablisman ki pa nan rezo a dirèkteman.
- Jeneralman plan asirans ou an dwe:
 - Kouvri sèvis nan kadijans san yo pa oblije w pou jwenn otorizasyon pou sèvis yo alavans (otorizasyon alavans).
 - Kouvri sèvis nan kadijans ou resevwa nan men founisè ki andeyò rezo a.
 - Baze sa w dwe founisè oswa etablisman an (pataj-frè) sou sa li ta peye yon -founisè oswa etablisman ki nan rezo a epi montre montan sa a nan eksplikasyon benefis ou yo.
 - Konte tout montan ou peye pou sèvis nan kadijans oswa sèvis andeyò rezo a pou redui franchiz ou ak limit lajan pa w ou gen pou peye.

Si w kwè yo voye yon fakti ba w ki pa kòrèk, ou ka kontakte Consumer Services Division of the Florida Department of Agriculture and Consumer Services (Divizyon Sèvis Konsomatè nan Depatman Agrikilti ak Sèvis Konsomatè nan Florid) nan 1-800-435-7352.

Vizite <https://www.cms.gov/nosurprises> pou plis enfòmasyon konsènan dwa w genyen dapre lwa federal.

Vizite <https://www.fdacs.gov/Contact-Us/File-a-Complaint> pou plis enfòmasyon konsènan dwa w genyen dapre lwa Florid.